




Ki diferans ki genyen ant OhioRISE ak kouvèti tipik pou sante mantal Ohio Medicaid (ODM)?

OhioRISE konsantre sou jèn moun ki bezwen swen espesyalize. Alòske tout timoun ak jèn ki gen Medicaid Ohio ka jwenn aksè ak swen sante mantal ak swen pou pwoblèm abi sibstans, moun ki enskri nan OhioRISE yo pral resevwa nouvo sèvis sante mantal ki amelyore yo tou. Moun ki enskri nan OhioRISE yo ap resevwa avantaj sante mantal yo atravè Aetna (plan OhioRISE la) epi sèvis sante fizik yo atravè yon òganizasyon swen ki jere apa oswa Medicaid a frè fiks.

Poukisa se OhioRISE olye de plan "regilye" Ohio Medicaid la k ap bay sèvis sa yo?

Jèn ki gen bezwen sante mantal konplèks benefisye de sèvis ki pi entansif ak yon apwòch kowòdone pou planifikasyon swen yo. OhioRISE travay avèk plizyè founisè ak òganizasyon pou l asire l bezwen yon timoun oswa yon jèn satisfè gras ak yon plan swen ki bay vwa ak chwa timoun yo ak fanmi yo valè.



Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon sou OhioRISE ak sou enfòmasyon ki nan bwochi sa a?

Tanpri vizite paj web OhioRISE la nan: managedcare.medicaid.ohio.gov/ohiorise, oubyen voye yon imèl ba nou si ou gen kesyon nan OhioRISE@medicaid.ohio.gov.

Lwa sou Dwa Sivil Eta ak Federal yo

Medicaid Ohio respekte lwa sou dwa sivil eta ak federal ki pwoteje w kont diskriminasyon oswa tretman enjis. Pou ede ou konprann bwochi sa a, gen asistans lengwistik, sèvis entèpretasyon, èd oksilyè, ak lòt sèvis ki disponib sou demann pou ou san w p ap peye. Ou ka mande sèvis sa yo lè w rele Kowòdonatè Dwa Sivil/ADA ODM nan, nan 614-995-9981/TTY 711, faks 1-614-644-1434, oswa imèl: ODM_EEO_EmployeeRelations@medicaid.ohio.gov.



OhioRISE, Rezilyans atravè Sistèm Entegre ak Ekselans (Resilience through Integrated Systems and Excellence), se yon pwogram swen espesyalize ki konsantre sou timoun ak jèn ki gen bezwen konplèks an tèm de sante mantal ak bezwen miltisistèm.



**Department of
Medicaid**

OhioRISE

Mizajou 2024

Ki moun ki ka benefisye nan men OhioRISE?

Timoun ak jèn ki ka benefisye nan men OhioRISE:

- Yo gen plizyè bezwen ki soti nan pwoblèm sante konpòtmantal,
- Yo gen bezwen pou plizyè sistèm oswa yo gen risk pou yon pi gwo patisipasyon nan sistèm nan, ak/oswa
- Yo gen risk pou plasman andeyò lakay yo oswa y ap retounen al jwenn fanmi yo sot nan plasman andeyò lakay yo.

Jèn ki gen bezwen miltisistèm souvan bezwen èd ak sèvis nan men sistèm kominotè yo ki ka gen ladan yo jistis pou jèn, pwoteksyon timoun, andikap devlopman, lekòl, sante mantal ak toksikomani, ak lòt ankò.

Ki sèvis espesyal OhioRISE bay manm yo?

OhioRISE ap bay nouvo sèvis sante mantal ki amelyore sa yo:

- Kowòdinasyon Swen Entansif ak Modere
- Tretman Entansif Amelyore Adomisil (Improved Intensive Home-Based Treatment, IHBT)
- Sant Tretman Rezidansyèl Sikyatrik nan Eta a (Psychiatric Residential Treatment Facilities, PRTF)
- Repi Sante Konpòtmantal
- Fon Fleksib Prensipal yo
- Sèvis Repons ak Estabilizasyon Mobil (Mobile Response and Stabilization Services, MRSS)



Kiyès ki elijib pou OhioRISE?

Timoun ak jèn ki ka kalifye pou OhioRISE:

- Yo kalifye pou Medicaid Ohio (swa swen jere oswa sèvis peye),
- Yo genyen 0-20 lane, epi
- Yo genyen bezwen tretman sante mantal enpòtan, yo mezire l avèk evalyasyon Bezwen ak Pwen Fò Timoun ak Adolesan nan Ohio (Ohio Child and Adolescent Needs and Strengths, CANS) la.

Timoun ak jèn yo ka kalifye tou pou OhioRISE akòz kèk kondisyon ijan. Pa egzanp, si yon timoun oswa yon jèn moun nan yon lopital pou rezon sante mantal.

Kisa yon evalyasyon CANS ye?

Yon evalyasyon CANS se yon zouti yo itilize pou detèmine kalifikasyon pou OhioRISE. Li rasanble antesedan jèn moun nan ak fanmi li pou konprann bezwen l ak pwen fò l, epi pou ede detèmine pi bon fason pou yo ba li èd. Yo mete evalyasyon CANS lan ajou regilyèman pou ede nan planifikasyon swen kontinyèl.

Ki kote yon timoun oswa yon jèn ka ale pou l resevwa yon evalyasyon CANS?

Pou mande yon evalyasyon CANS, kontakte:

- Yon òganizasyon ki jere swen pou timoun oswa jèn,
- Aetna Better Health of Ohio,
- Yon antite jesyon swen lokal,
- Liy dirèk pou konsomatè Medicaid la, oswa
- Founisè swen sante konpòtmantal oswa Family and Children First Councils, ki ka gen yon evalyatè CANS sou plas oswa ki ka antre an kontak ak youn.

Kilè yon timoun oswa yon jèn ka kòmanse resevwa sèvis OhioRISE yo?

Aprè yon evalyasyon CANS, timoun ak jèn yo jwenn ki kalifye yo tou enskri nan OhioRISE apati dat yo soumèt evalyasyon CANS yo a. Nan ka ijans, enskripsyon nan OhioRISE pral fèt konsa:

- Dat admisyon pou yon sejou lopital pou maladi mantal oswa twoub abi sibstans oswa
- Dat admisyon nan yon Sant Tretman Rezidansyèl Sikyatrik (Psychiatric Residential Treatment Facility, PRTF).

Èske enskripsyon nan OhioRISE obligatwa?

Wi. Si yon timoun oswa yon jèn kalifye pou OhioRISE, enskripsyon nan OhioRISE obligatwa. Si yon timoun oswa yon jèn moun pa kalifye, y ap voye yon avi refi ak dwa odyans pou li pa lapòs. Si yon timoun oswa yon jèn gason oswa paran/responsab legal li pa vle yo enskri nan OhioRISE, yo ka mande pou yo dezenskri li. ODM ap egzamine demann lan epi l ap deside si dezenskripsyon an apwopriye. Yon timoun oswa yon jèn ki pa enskri nan OhioRISE p ap kapab jwenn nouvo sèvis amelyore yo paske sèvis sa yo disponib sèlman atravè OhioRISE.

